

PWOTEJE TÈT OU KONT GRIP ZWAZO H5N1


ANVIWÒNMAN GWO
EKSPOZISYON

Mete ekipman pwoteksyon pèsònèl sou ou nan sal pou tire lèt yo

Grip zwazo H5N1 se yon viris ki ka fè w malad si w respire l oswa si l antre nan zye, nen oswa bouch ou. Ou ka malad tou si w manyen zye, nen oswa bouch ou apre w fin manyen sifas ki, rad, po oswa cheve ki kontamine. Mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) lè w an kontak avèk oswa lè w ozalantou bèt ki konfime enfekte oswa ki pwobableman enfekte, sa gen ladan bèf letye, oswa lèt kri, sifas, oswa lòt bagay ki konfime oswa ki pwobableman kontamine. Ou ka bezwen plis PPE pase sa w itilize pou devwa travay nòmal ou. Patwon w dwe bay PPE ki rekòmande a gratis. **Si w gen kesyon konsènan ki tip PPE pou w mete oswa kilè oswa kijan pou w itilize li, mande sipèvizè w.**

PPE KI REKÒMANDE POU PWOTEJE KONT GRIP ZWAZO H5N1

- Kouvèti tèt oswa kouvèti cheve
- Linèt sekirite
- Pwotèj figi anlè linèt pwoteksyon yo, si ou vle
- Respiratè patikil NIOSH Approved® (tankou yon N95®)
- Tabliye a manch ki kenbe w sèk
- Gan jetab, avèk gan travay ekstèn, si ou vle
- Kouvèti bòt oswa bòt



U.S. CENTERS FOR DISEASE
CONTROL AND PREVENTION

CS351866-G

ESKANE POU
APRANN
PLIS →

